



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



18 Avril 2023

Nou Salye Tout Anplwaye, Fanmi, ak Gadyen nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Antanke Sipèntandan Lekòl, mwen ekri lèt sa a jodi a pou'm bay lekòl yo ak kominote a mizajou sou menas ki te fèt semèn pase a nan Orange High School la. Mèkredi 12 Avril, mwen te resevwa yon notifikasyon a 4:40 PM, ke te gen yon menas pou yon fiziyad potansyèl rive nan jwèt volebòl la ki te fèt nan jimnazyòm lekòl la. Kòm ou konnen, nou pran tout menas trè oserye. Jan mwen te pataje sa semèn pase a nan lèt mwen te voye byen ta nan dat 12 Avril la, Orange High School ak Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation te antre nan fèmte imedyata. Elèv ki te nan videyo ke News 12 te pataje a te nan kazye jimnazyòm nan Orange High School la. Sa a te kòm rezilta fòmasyon nou te bay anplwaye yo ak elèv yo pandan nenpòt egzèsis menas aktif.

Kòm yon rezilta nan investigasyon nou an, te gen yon aktyalizasyon ki te bay ke te gen tou yon menas bonm tou. Menmsi yo te akonpaye elèv yo ak anplwaye yo an sekirite nan toulède bilding yo, ekip investigatè yo te oblije mache nan toulède bilding yo pou asire pwotokòl sekirite kontinye. Mwen dwe repete sa ki annapre yo: **Nouvèl yo te pataje nan dat 12 Avril la ki fè konnen te gen kout zam nan High School la se pa't vre e yo pa kòrèk. Anplis de sa, pa te gen okenn blesi nan anplwaye yo ak elèv yo pandan ensidan an.** Anplis de sa, te gen yon enkyetid medikal pandan tan sa a, men sa pa't gen rapò ak menas yo rapòte oswa ankèt ki vin apre a.

Li enpòtan pou sonje ke Depatman Lapolis Orange te vin nan Orange High School la ak Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation la imedyatman. Pou ajoute, te gen yon prezans nan Depatman Essex County Sheriff la, osi byen ke Biwo Pwokirè a. Nou dwe felisite fason yo rive rapid ak sipò ke tout patnè nou mansyone yo te jwe nan asire sante ak sekirite anplwaye nou yo ak elèv yo.

Lè nou konsidere dènye fiziyad ak menas nan lekòl yo atravè nasyon an, distri a ak otorite lokal yo pran chak ensidan kòm priorite. Nou dwe kontinye mete sekirite an premye nan lekòl nou yo. Nou pral kontinye fòmasyon chak mwa nan distri a paske sa yo pèmèt nou ekipe tèt nou ak pwotokòl sekirite apwopriye kòm sadwa.

Li tèlman enpòtan pou w pran tan pou w pale ak timoun yo, poze kesyon gid sa yo, epi ba yo yon kote ki an sekirite pou pataje enkyetid yo. Kòm yon distri lekòl, nou angaje nou fè menm bagay la. Tan sa yo mande pou nou travay ansanm sou yon sèl akò pou asire ke timoun nou yo fè ase konfyans pou enfòmè nou lè pwoblèm parèt pami zanmi yo oswa si yo konnen yon moun ki voye mesaj ki pa apwopriye.

Distri a kontinye apiye sou Ekip Enfòmasyon sou Chòk Sipèntandan an pou bay fanmi yo ak anplwaye resous yo kòm yon fòm sipò. Anba a gen resous pou kominote lekòl nou an itilize pandan tan sa yo.

<https://childmind.org/guide/helping-children-cope-after-a-traumatic-event/>  
<https://www.apa.org/topics/gun-violence-crime/shooting-aftermath>  
<https://sesamestreetincommunities.org/topics/violence/>  
<https://www.kqed.org/mindshift/59143/war-crisis-tragedy-how-to-talk-with-kids-when-the-news-is-scary>  
<https://www.common Sense Media.org/articles/kids-mental-health-apps-and-websites-for-anxiety-depression-coping-skills-and-professional-support>  
<https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources-and-podcasts/school-safety-and-crisis/school-violence-resources/talking-to-children-about-violence-tips-for-parents-and-teachers>

Nou mande pou ou rete vijilan epi fè distri a konnen nenpòt enfòmasyon menasan ke ou ka tande oswa wè. Pa gen enkyetid ki twò piti, paske nou vle tande tout kesyon oswa enkyetid ou yo. Kontinye itilize [reopeningofschools@orange.k12.nj.us](mailto:reopeningofschools@orange.k12.nj.us), epi ou w'ap resevwa yon repons nan lespas 24 èdtan oswa pi bonè apre nou resevwa'l. Anfen, mwen remèsye ou pou kwayans ou ak konfyans ou nan lekòl distri nou an. Nou sètènman nan sa nou ye a ansanm.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo